

ANVIWÒNMAN FIZIK SYANS LATÈ

Madi 18 jen 2002 — 9:15 a.m. pou 12:15 p.m., sèlman

Sa a se yon egzamen sou konesans ou nan Syans Latè. Itilize konesans sa a pou ou reponn tout kesyon ki nan egzamen an. Yo ba ou *Tablo Referans Syans Latè* yo apa. Ou kapab bezwen Tablo sa yo pou ou reponn sèten kesyon. Ou dwe sèten ou gen edisyon 2001 tablo referans yo avan ou kòmanse egzamen an.

Se dènye paj nan livrè egzamen an ki se fèy repons pou Pati A ak Pati B-1. Ale nan dènye paj la, pliye dènye paj la sou liy ki pwentiye a, epi detache fèy repons lan dousman ak anpil prekosyon. Ansuit bay enfòmasyon yo mande nan antèt fèy egzamen an.

Yo klipse livrè repons pou Pati B-2 ak Pati C nan mitan livrè egzamen an. Ouvri livrè egzamen an, epi pran san ou pou ou detache livrè repons lan, epi fèmen livrè egzamen an. Ansuit, ranpli antèt livrè egzamen an.

Suiv espikasyon yo bay nan livrè egzamen an pou ou reponn *tout* kesyon ki genyen nan tout pati egzamen sa a. Ekri repons pou kesyon nan Pati A ak kesyon chwa miltip nan Pati B-1 yo nan fèy repons ou te detache a. Ekri repons pou kesyon nan Pati B-2 ak kesyon nan Pati C yo nan livrè repons ou an. Ou dwe sèvi ak plim pou ou ekri repons yo, men ou dwe sèvi ak kreyon pou ou trase graf oubyen pou ou fè desen. Ou gen dwa itilize papyè bouyon pou ou chèche repons kesyon yo, men ou dwe ekri tout repons yo nan fèy repons lan ak nan livrè repons lan.

Lè ou fin fè egzamen an, ou dwe siyen deklarasyon ki anba fèy repons lan. Deklarasyon ou siyen an vle di ou pa t genyen kesyon yo ak repons yo ilegalman alavans, ou pa t bay poul, ou pa t pran poul nan egzamen an. Nou p ap pran fèy repons ou an ni nou p ap pran liv repons ou an si ou pa siyen deklarasyon sa a.

Atansyon...

Fòk ou genyen yon kalkilatis senp oubyen yon kalkilatis syantifik, ak *Edisyon 2001 Tablo Referans Syans Latè* disponib pou ou itilize lè w ap pran egzamen an.


PA OUVRI LIVRÈ EGZAMEN AN TOUTOTAN OU PA GEN PÈMISYON SIVEYAN AN

Pati A

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

Esplikasyon (1-35): Pou *chak* deklarasyon, pou *chak* kesyon, chwazi mo oubyen espresyon ki konplete repons lan pi byen. Ekri *nimewo* repons ou chwazi a sou fèy repons lan. Ou kapab bezwen itilize *Tablo Referans Syans Latè* yo pou ou reponn sèten kesyon.

- 1 Liy pwen tiye ki nan kat la anba a, montre wout yon bato fè lè li soti Long Aylann, Nouyòk pou li ale Florida. Pandan bato a ap deplase al nan direksyon sid, etwal *Polaris* la sanble li pi ba lè ou gade syèl la onò chak swa.



Pi bon esplikasyon yon moun kapab bay sou obsèvasyon sa a se: *Polaris*

- (1) leve epi li kouche nan diferan pozisyon chak jou
- (2) genyen yon òbit eliptik otou Latè
- (3) plase dirèkteman anwo liy Ekwatè a
- (4) plase dirèkteman anwo Pol Nò

- 2 Lè tanperati a _____ nan yon tèmomèt boul sèch epi li _____ nan yon tèmomèt ki gen rezèwa mouye, imidite relatif la se:

- (1) 10%
- (2) 33%
- (3) 41%
- (4) 59%

- 3 Lè altitud la ogmante nan estratosfè Latè, jeneralman tanperati lè a

- (1) diminye sèlman.
- (2) ogmante sèlman
- (3) diminye epi li ogmante
- (4) ogmante epi li diminye

- 4 Nan dyagram ki anba a, yo montre kat kalite wòch. Kilès nan wòch sa yo ki te fòme akòz refwadisman rapid ekoulman lav vòlkanik? [Dyagram yo pa alechèl]



Ranje mineral pal ak ranje mineral fonce dispoze youn sou lòt

(1)



Wòch vitre nwa ki gen fòm yon koki lè li kase

(3)



Kouch patkil ki gen yon dyamèt 0.0001 cm ki simante e ki fann fasil

(2)



Kristal tout koulè ki konekte youn ak lòt e ki gen yon dyamèt 0.5 cm

(4)


- 5 Jou ki te 21 jen an, sèten rejyon sou Latè te gen limyè Solèy pandan 24 èdtan. Tout rejyon sa yo ant latitud

- (1) —
- (2) —
- (3) —
- (4) —

- 6 Fason ki pi bon pou yo dekri galaksi Lavwa Lakte se

- (1) yon espès sistèm solè
- (2) yon konstelasyon ki vizib pou tout moun sou Latè
- (3) yon rejyon nan lespas ki ant òbit Mas ak òbit Jipitè
- (4) yon fòmasyon an fòm espiral ki fèt ak plizyè milya zetwal

7 Nan dyagram ki anba a, yo montre Lalin nan kat pozisyon nan òbit li otou Latè jan yon moun ki anwo Pol Nò kapab wè li.




(Desen sa a pa alechèl)

Si Lalin lan nan pozisyon X nan kòmansman (faz Lalin nouvell), kilès nan sekans faz Lalin lan ki anba a yon moun ki sou Latè epi k ap obsève Lalin lan pandan yon mwatye ap wè?

- (1)
- (2)
- (3)
- (4)

- 8 Dyagram ki anba a reprezante yon modèl jewosantrik ki senp. Ki sa lèt X la reprezante?



(Desen an pa alechèl)

- (1) Latè (2) Solèy (3) Lalin (4) Polaris
- 9 Ki sitiyasyon ki kapab lakòz dlo risèlman alafifas nan yon zòn ogmante?
- (1) kouvri yon wout tè ak asfalt
(2) redui pant yon mòn ki apik
(3) plante gazon ak ti pyebwa sou yon mòn
(4) kantite lapli ki tonbe pandan ane a diminye
- 10 Lè kantite gaz sa a ogmante li lakòz plis rechofman klimatik atmosfè Latè. Ki jan gaz sa a rele?
- (1) azòt (2) oksijèn (3) dioksid kabòn (4) idwojèn
- 11 Syantis kwè konpozisyon atmosfè Latè te genyen o kòmansman chanje akòz
- (1) devlopman òganis ki pwodui oksijèn
(2) deriv kontinan yo
(3) chanjman nan chan mayetik Latè
(4) transfè gaz ki soti nan Solèy la
- 12 Ki kondisyon atmosferik ki kapab lakòz lafimen dife nan yon kan ki sou yon plaj soufle nan direksyon lanmè a?
- (1) lè ki sou tè a cho epi lè ki sou lanmè a fre
(2) lè ki sou tè a imid epi lè ki sou lanmè a sèk
(3) lè ki sou tè a genyen yon mas volimik ki ba epi lè ki sou lanmè a gen yon mas volimik ki wo
(4) presyon atmosferik la wo sou tè a epi li ba sou lanmè a

- 13 Ki karakteristik yon materyo konstriksyon ki kapab fè li absòbe anpil enèji si yo sèvi ak li pou yo kouvri pati esteryè yon kay?

- (1) li gen koulè fonse epi li gen yon teksti ki lis
(2) li gen koulè fonse epi li gen yon teksti ki graj
(3) li gen koulè klè epi li gen yon teksti ki lis
(4) li gen koulè klè epi li gen yon teksti ki graj

- 14 Lè li midi sou yon bato ki sou lanmè, li 5 è p.m. nan Meridyen orijin (lonjitid). Nan ki lonjitid bato a ye?

- (1) ... (2) ... (3) ... (4) ...

- 15 Lè gen tras paralèl nan soubasman yon vale ki gen fòm U, sa pwobableman vle di ewozyon ki fèt nan zòn lan te fèt akòz yon

- (1) glasye (2) kouran dlo (3) vag (4) van

- 16 Ki chanjman ki fèt nan tan an lè diferans ki genyen ant tanperati lè a ak tanperati kondansasyon an a diminye?

- (1) Kantite kouvèti nyaj la diminye
(2) Pwobabilite pou genyen presipitasyon diminye
(3) Imidite relatif la ogmante
(4) Presyon bawometrik la ogmante


- 17 Nan ki lis yo ranje fòm enèji elektwomayetik yo, soti nan longèdonn ki pi long pou li rive nan longèdonn ki pi kout?

- (1) reyon gama, reyon X, reyon iltravyolè, limyè vizib
(2) onn radyo, reyon enfrawouj, limyè vizib, reyon iltravyolè
(3) reyon X, reyon enfrawouj, limyè ble, reyon gama
(4) reyon enfrawouj, onn radyo, limyè ble, limyè wouj

- 18 An ete lè li fè klè, lajounen sifas tè a toujou pi cho pase sifas yon kouran dlo ki tou pre paske dlo a

- (1) jwenn mwens ensolasyon
(2) reflète mwens ensolasyon
(3) genyen yon mas volimik ki pi wo
(4) yon chalè espesifik ki pi wo

- 19 Nan dyagram ki anba a, yo montre kantite atòm ki dezentegre ak kantite atòm ki pa dezentegre nan yon echantiyon matyè ki te radyoaktif a 100%.



Si demivi matyè radyoaktif la se 1,000 ane, ki laj echantiyon yo montre nan dyagram lan?

- (1) 1,000 ane (3) 3,000 ane
 (2) 2,000 ane (4) 4,000 ane
- 20 Pi bon enferans nou kapab fè sou nwayo eksteryè Latè se:
- (1) Li likid, li gen yon mas volimik mwayèn ki apaprè
 (2) Li likid, li gen yon mas volimik mwayèn ki apaprè
 (3) Li solid, li gen yon mas volimik mwayèn ki apaprè
 (4) Li solid, li gen yon mas volimik mwayèn ki apaprè


- 21 Nan tablo ki anba a, yo montre to ewozyon ak to depo nan kat pwèn nan yon rivyè.

Pwèn	To ewozyon (tòn/ane)	To depo (tòn/ane)
A	3.00	3.25
B	4.00	4.00
C	4.50	4.65
D	5.60	5.20

Genyen yon ekilib dinamik nan pwèn

- (1) A (3) C
 (2) B (4) D


- 22 Nan dyagram ki anba a, yo montre yon teren kote yon tranbleman tè te pase



Ki kalite mouvman nan ekòs Latè ki pwobableman lakòz depasman sèten eleman nan teren nan zòn sa a?

- (1) soulèvman vètikal teren sipèfisyèl
 (2) plisman teren sipèfisyèl
 (3) afesman ekòs la
 (4) mouvman nan yon fay transfòmant
- 23 Efè Koryolis bay prèv Latè
- (1) vire sou aks li (3) genyen sezon
 (2) genyen yon aks ki panche (4) vire otou Solèy la
- 24 Kilès nan entèraksyon ant atmosfè a ak idwosfè a ki lakòz pi fò kouran oseyanik sipèfisyèl?
- (1) refwadisman lè k ap monte anlè sifas oseyan an
 (2) evaporasyon dlo ki soti nan sifas oseyan yo
 (3) fwotman van planetè yo sou sifas oseyan an
 (4) onn sismik nan sifas oseyan
- 25 Yon gwoup elèv ale yon kote ki a 40 kilomèt alès Finger Lakes. Yo wè yon gwo blòk genès sou soubasman sipèfisyèl la. Kilès nan enferans sa yo obsèvasyon sa a apiye pi byen?
- (1) te gen yon alterasyon nan soubasman sedimantè sipèfisyèl la ki lakòz fòmasyon yon gwo blòk genès
 (2) soubasman sedimantè sipèfisyèl la fonn epi li solidifye pou li bay yon gwo blòk genès
 (3) sediman ki anpile epi ki simante ansanm lakòz fòmasyon yon gwo blòk genès
 (4) gwo blòk genès la soti kote l te fèt la pou li vin nan soubasman sipèfisyèl la.

26 Nan dyagram ki anba a, yo montre yon soubasman granit ak tout fant ki ladan l yo. Dlo antre nan fant yo epi li konjele. Flèch yo montre nan ki direksyon fant yo ap laji akòz alterasyon.



Kilès nan repons yo ki dekri alterasyon fizik yo montre nan dyagram lan pi byen?

- (1) Fant yo vin pi laj paske dlo pran plis plas lè li konjele.
- (2) Kalite alterasyon sa a rive sèlman nan soubasman ki fèt ak granit.
- (3) Fant yo vin pi laj akòz reyaksyon chimik ki fèt ant dlo ak wòch la.
- (4) Kalite alterasyon sa a fèt souvan nan zòn kote klima a leplisouvan cho e imid.


27 Nan tablo ki anba a, yo bay mas volimik 4 echantiyon mineral.

Mineral	Mas volimik ()
Sinab	8.2
Mayetit	5.2
Kwats	2.7
Siderit	3.9


Si kat echantiyon mineral yo gen menm fòm ak menm gwosè, kilès nan mineral yo k ap poze pi dousman nan dlo?

- (1) sinab
- (2) mayetit
- (3) kwats
- (4) siderit

28 Ki tip drenaj yon rivyè gen plis chans pou li trase sou sifas yon mòn vòlkanik ki fèk fèt?



29 Nan koup transvèsal ki anba a, yo montre ewozyon wòch sedimantè. Se dlo ki soti nan yon kaskad ki lakòz ewozyon sa a.



Alterasyon ak ewozyon kouch wòch sedimantè yo ap fèt a diferan vitès paske kouch wòch yo

- (1) te fèt nan diferan peryòd
- (2) genyen diferan fosil
- (3) pa gen menm konpozisyon
- (4) orizontal

Sèvi ak foto ki anba a pou ou reponn kesyon 30 ak 31. Se foto yon aflèman kouch wòch sedimantè ki panche e ki metamòfoze lejèman.



30 Sa ki pwobableman lakòz aflèman wòch la genyen yon estrikti ki panche, jan yo montre l nan foto a, se

- (1) depo fragman wòch sou pant yon mòn
- (2) envèsyon ansyen pol mayetik
- (3) onn sismik
- (4) kolizyon plak litosferik yo


31 Nan kilès nan rejyon fizyografik sa yo, nan eta Nouyòk, nou abitye jwenn kouch wòch ki panche e ki yon ti jan metamòfoze?

- (1) Mòn Takonik
- (2) Plenn Atlantik sou kòt yo
- (3) Plato Tug Hill
- (4) Plenn Erye-Ontaryo

32 Vitès yon riviye k ap koule a 150 santimèt pa segonn diminye pou li rive a 100 santimèt pa segonn. Kilès nan sediman sa yo ki gen plis chans pou li poze nan riviye a?

- | | |
|-------------|-----------------|
| (1) ti wòch | (3) gwo wòch |
| (2) sab | (4) wòch mwayèn |

33 Nan dyagram ki anba a, yo montre pwofil yon riviye avan yon tranbleman tè epi apre tranbleman tè a. Pwen A ak pwen B se pozisyon nan fon riviye a.



Ki rapò ki genyen ant ewozyon ak depo nan pwen A ak nan pwen B apre tranbleman tè a?

- (1) Genyen plis depo nan pwen A e genyen plis ewozyon nan pwen B.
- (2) Genyen plis ewozyon nan pwen A e genyen plis depo nan pwen B.
- (3) Genyen plis depo pase ewozyon nan pwen A ak nan pwen B.
- (4) Genyen plis ewozyon pase depo nan pwen A ak nan pwen B.

Atansyon: se twa chwa sèlman ki genyen pou kesyon 34 ak 35.

34 Lè lè ki sou sifas Latè vin cho, mas volimik lè a

- (1) diminye
- (2) ogmante
- (3) rete menm jan

35 Lè nou konpare mas volimik mwayèn planèt ki sanble ak Latè yo (Mèki, Venis, Latè, Mas) ak mas volimik planèt ki sanble ak Jipitè yo (Jipitè, Satin, Iranis, Neptin), mas volimik planèt ki sanble ak Jipitè yo


- (1) mwens pase mas volimik planèt ki sanble ak Latè yo
- (2) plis pase mas volimik planèt ki sanble ak Latè yo
- (3) menm ak mas volimik planèt ki sanble ak Latè yo

Pati B-1

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

Esplikasyon (36-50): Pou *chak* deklarasyon, pou *chak* kesyon, chwazi mo oubyen espresyon ki konplete repons lan pi byen. Ekri *nimewo* repons ou chwazi a sou fèy repons lan. Ou kapab bezwen itilize *Tablo Referans Syans Latè* yo pou ou reponn sèten kesyon.

Sèvi ak dyagram ki anba a pou ou reponn kesyon 36 jiska 38. Dyagram sa a reprezante òbit eliptik yon planèt k ap fè tou yon etwal. Pwen *A, B, C, D* se kat pozisyon diferan nan òbit planèt la.



36 Lè yo kalkile eksantrisite òbit sa a, li apeprè egal

- (1) 0.1
- (2) 0.2
- (3) 0.3
- (4) 0.4


37 Atraksyon gravite ant etwal la ak planèt la ap pi fò nan pozisyon

- (1) *A*
- (2) *B*
- (3) *C*
- (4) *D*

38 Lè planèt la ap deplase sou yon òbit kote li soti nan pwen *A* pou li rive nan pwen *B* vitès planèt la ap

- (1) diminye tout tan
- (2) ogmante tout tan
- (3) diminye epi l ap ogmante
- (4) ogmante epi l ap diminye





39 Nan koup transvèsal ki anba a, yo montre jan van dominan lakòz klima ki diferan selon bò li frape nan mòn lan.



Pou ki sa bò kote van an frape mòn lan gen yon klima imid?

- (1) Lè k ap monte konprime epi li vin frèt. Sa lakòz gout dlo yo evapore.
- (2) Lè k ap monte konprime epi li vin cho. Sa lakòz vapè dlo a kondanse.
- (3) Lè k ap monte dilate epi li vin fèt. Sa lakòz vapè dlo yo kondanse.
- (4) Lè k ap monte dilate epi li vin cho. Sa lakòz gout dlo yo evapore.

40 Kilès nan graf sa yo ki montre pi byen kantite presipitasyon mwayèn ki genyen chak ane nan diferan latitud sou Latè?



Sèvi ak tablo “Pwopriyete mineral ki komen yo” ki nan *Tablo Referans Syans Latè* yo pou ou reponn kesyon 41 jiska 44.

41 Kilès nan mineral sa yo ki bay yon poud vèt-nwa lè ou fwote li sou yon plak poslèn ki pa vèni?

- | | |
|------------|------------|
| (1) galèn | (3) ematit |
| (2) grafit | (4) pirit |

42 Youn nan mineral sa yo kapab grave dolomit e olivin kapab grave l. Bay non mineral la.

- (1) galèn
- (2) kwats
- (3) fèlspat potasik
- (4) mika miskovit


43 Kilès nan enferans sa yo nou kapab fè sou mineral sa yo fèlspat plajyoklaz, jips, mika nwa, talk?

- (1) Mineral sa yo genyen menm pwopriyete chimik ak menm pwopriyete fizik.
- (2) Mineral sa yo genyen diferan pwopriyete chimik men yo genyen menm pwopriyete fizik.
- (3) Mineral sa yo genyen diferan pwopriyete fizik ak diferan pwopriyete chimik men yo itilize tout menm jan.
- (4) Jan moun sèvi ak mineral sa yo depann de pwopriyete fizik ak pwopriyete chimik mineral yo.

44 Yo jwenn mineral ki nan tablo sa a nan diferan kalite wòch. Bay de wòch ki fèt ak yon mineral k bouyi lè ou mete l nan asid.

- (1) kalkè ak mab
- (2) granit ak dolostòn
- (3) grè ak kwatsit
- (4) adwaz ak konglomera

Sèvi ak koup transvèsal sa yo pou ou reponn kesyon 45 jiska 49. Nan koup transvèsal sa yo, nou kapab wè aflèman ki byen gen anpil espas ant yo menm e ki nan lokalite X, Y, ak Z.



45 Ki kouch wòch ki pi ansyen?

- (1) limon gri
- (2) ajil vèt
- (3) kalkè bren
- (4) limon mawon

46 Nan lokalite Y, fwontyè ki ant grè wouj la ak ajil nwa a make

- (1) kòmansman tan senozoyik la
- (2) kòmansman tan mezozoyik la
- (3) fen tan senozoyik la
- (4) fen tan mezozoyik la

47 Nou kapab wè yon diskòdans nan lokalite Z. Ki kouch wòch ewozyon te pote ale nan tan diskòdans lan te rive a?

- | | |
|----------------|-----------------|
| (1) konglomera | (3) ajil nwa |
| (2) limon gri | (4) limon mawon |


48 Fosil nou jwenn nan fòmasyon wòch ki nan lokalite X montre zòn sa a te kouvri souvan ak

- (1) forè twopikal
- (2) glas glasyè
- (3) sab dezè
- (4) dlo lanmè


49 Ki kouch wòch ki te fèt lè patikil ki te gen yon dyamèt ki mwens pase 0.0004 santimèt te anpile ep te simante ansanm?

- (1) grè wouj
- (2) ajil vèt
- (3) limon mawon
- (4) konglomera

50 Nan dyagram ki anba a, yo montre sismogram tranbleman tè ki te rive Sann Fransisko an 1906. Se nan yon estasyon sismik ki a 6,400 kilomèt de Sann Fransisko yo te anrejistre sismogram sa a.



Ki echèl tan ki pi byen reprezante diferans nan lè onn-P ak lè onn-S rive nan estasyon sa a?



Pati B-2

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a

Esplikasyon (51-60): Ekri repons yo nan espas yo bay nan livrè repons lan. Ou kapab bezwen itilize *Tablo Referans Syans Latè* yo pou ou reponn sèten kesyon.

51 Sèvi ak fòm ki apwopriye a pou ou mete enfòmasyon yo bay anba a nan modèl estasyon meteyowolojik ki nan *livrè egzamen an*. [2]

Tanperati kondansasyon

Kouvèti nyaj

Sèvi ak enfòmasyon ki nan tablo ki anba a pou ou reponn kesyon 52 jiska 54. Nan tablo sa a, yo montre yon sik ekinòks ak sòltis pou emisfè nò diferan planèt nan sistèm solè a ak mezi enklinezon aks chak planèt. Yo bay enfòmasyon sou planèt yo sou baz sistèm tan Latè.

Tablo done

Planèt	Ekinòks prentan	Sòltis ete	Ekinòks otòn	Sòltis ivè	Enklinezon aks la (degre)
Venis	25 jen	21 out	16 oktòb	11 desanm	3.0
Latè	21 mas	21jen	23 septanm	22 desanm	23.5
Jipitè	1997	2000	2003	2006	3.0
Satin	1980	1987	1995	2002	26.8
Iranis	1922	1943	1964	1985	82.0
Neptin	1880	1921	1962	2003	28.5

52 Bay konbyen tan an ane sezon prentan dire sou Iranis. [1]

53 Dekri relasyon ki genyen ant distans yon planèt parapò ak Solèy la, ak kantite tan yon sezon dire sou planèt sa a. [1]

54 Idantifye *de* faktè ki lakòz genyen sezon sou Latè [2]


Nan tablo ki anba a yo bay volim ak mas twa echantiyon mineral pirit (*A, B, C*) ki diferan. Sèvi ak enfòmasyon ki nan tablo a pou ou reponn kesyon 55 ak 56.

Pirit		
Echantiyon	Volim ()	Mas (g)
<i>A</i>	2.5	12.5
<i>B</i>	6.0	30.0
<i>C</i>	20.0	100.0

55 Mete enfòmasyon yo bay sou *twa* echantiyon pirit yo (volim ak mas) nan espas kadriye ki nan *livrè repons lan* epi trase yon liy pou ou konekte pwen yo. [2]

56 Bay mas yon echantiyon pirit ki genyen yon volim 10.00 . [1]

Sèvi ak kat topografik rejyon nan eta Nouyòk ki anba a pou ou reponn kesyon 57 jiska 59. Pwen *X* ak *Y* se lokalite nan Squab Hollow Creek.



- 57 Suiv esplikasyon yo bay anba a pou ou chèche enklinezon Squab Hollow Creek ant pwèn *X* ak pwèn *Y* nan espas kadriye yo bay *nan livrè repons lan*.
- a* Sèvi ak *tablo Referans Syans Latè* pou ekri ekwasyon ki pou pèmèt ou detèmine enklinezon an. [1]
 - b* Ranplase chak espresyon pa valè yo nan ekwasyon an. [1]
 - c* Rezoud ekwasyon an epi itilize inite ki apwopriye pou ou bay repons lan. [2]
- 58 Dekri yon fason ou kapab detèmine nan ki direksyon Coover Hollow Creek ap koule dapre enfòmasyon ki sou kat la. [1]
- 59 Dapre kowòdone latitud ak kowòdone lonjitid yo bay yo, idantifye nan ki rejyon fizyografik rejyon yo montre nan kat la ye. [1]

60 Sèten òganis k ap viv kapab naje nan lanmè oubyen yo kapab flote sou lanmè. Kèk lòt viv sou sediman oubyen anndan sediman nan fon oseyanik lan. Graptolit se non yo bay yon gwoup òganis ki flote sou lanmè. Te gen anpil Graptolit nan kèk ansyen lanmè ki te kouvri eta New York. Yo jwenn yo nan kèk soubasman nan eta New York




Graptolit k ap flote

Bay yon rezon ki fè yo itilize sèten espès graptolit kòm yon fosil stratigrafik.. [1]

Pati C
Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

Esplikasyon (61-72): Ekri repons yo nan espas yo bay nan livrè repons lan. Ou kapab bezwen itilize *Tablo Referans Syans Latè* yo pou ou reponn sèten kesyon.

Sèvi ak graf ki anba a ansanm ak graf: “Liminozite ak tanperati” ki nan *Tablo referans Syans Latè* pou ou reponn kesyon 61 ak 62. Nan graf ki anba a, yo montre enferans yo fè sou faz nan devlopman Solèy, yo montre liminozite ak tanperati alafas nan diferan etap.



61 Dekri chanjman k ap rive nan liminozite Solèy la soti nan faz sekans prensipal li gen koulè a pou rive nan faz final Nen Blan an. [1]

62 Kilès nan etwal yo montre nan graf sou Liminozite ak tanperati etwal nan *Tablo Referans Syans Latè* ki nan faz yo predi Solèy la ap ye lè li rive nan faz final devlopman li? [1]

Sèvi ak atik ki anba a ansanm ak kat ki anba a pou ou reponn kesyon 63 ak 64. Pwen *A* ak *B* ki sou kat la se pwen referans.


Li posib pou genyen yon gwo tranbleman tè nan vale Oregon

Sa fè anpil lane depi syantis avèti nou yon tranbleman tè ki genyen mayitud 8 oubyen 9 kapab frape zòn ki a 30 mil parapò ak lakòt Oregon. Dapre sa syantis yo prevwa, tranbleman tè sa a ap lakòz gwo soumani (gwo vag lanmè) ak anpil dega.

Koulye a, syantis yo di tranbleman tè sa yo kapab frape pi fon sou tè fèm e yo kapab lakòz gwo dega sou yon pi gwo sipèfisi. Yo kapab frape vil nan Oregon tankou Portland, Salem ak Eugene.


Dapre prèv jewolojik yo jwenn, sanble gwo tranbleman tè frape zòn sa a apeprè chak 400 ane, plis ou mwens 200 ane. Yo kwè dènye tranbleman tè ki te frape zòn lan te gen mayitud 9 e li te rive sa gen 300 lane.

Yon tranbleman tè ki gen mayitud 8 kapab lakòz anpil dega. Tranbleman tè ki te fèt San Francisco an 1906 la te gen mayitud 7.9 dapre estimasyon yo te fè. Tranbleman tè ki te rive Mexico City an 1985 lan te mezire 8.1.



- 63 Koup transvèsal ki nan livrè repons lan montre litosfè a ak astenosfè a ant pwen A ak B sou kat la.
- Nan koup transvèsal yo bay nan livrè repons lan, fè yon flèch nan plak Juan de Fuca pou ou montre direksyon mouvman relatif plak la. [1]
 - Idantifye ki kalite fwontyè plak tektonik ki genyen nan Rid Juan de Fuca. [1]
 - Bay non plak yo idantifye ak yon x nan koup transvèsal la. [1]
 - Konpare pwofondè mwayèn tranbleman tè anba kòt Oregon ak pwofondè mwayèn tranbleman tè anba Mt. Hood. [1]
- 64 Yon espesyalis sèvis ijans nan Portland, Oregon ap devlope yon plan pou li ede sove lavi moun ak pou li anpeche gwo dega si ta gen yon tranbleman tè. Dekri *de* bagay oubyen *de* lide li ta dwe mete nan plan an. [2]

Sèvi ak kat ki anba yo pou ou reponn kesyon 65 ak 66. Nan kat sa yo, yo montre rejyon kote siklòn fòme ak trajektwa nòmal siklòn nan Oseyan Atlantik pandan mwa me, jiyè ak septanm. Tanperati dlo lanmè a alasifas kote siklòn yo fòme a toujou depase .



- 65 Ki jan rejyon kote siklòn fòme a chanje ant me ak septanm? [1]
- 66 Bay yon rezon ki fè trajektwa pi fò siklòn fè yon koube nan direksyon nò lè siklòn yo ap pase onò latitud . [1]

Sèvi ak kat metewolojik ki nan liv repons lan pou ou reponn kesyon 67 jiska 69. Nan kat metewolojik la, yo montre yon sistèm presyon ba ki sou yon pati Amerik di Nò. Yo montre senk estasyon metewolojik nan kat la. Liy *AB*, *BC* ak *BD* reprezante fwontyè fwon ki alasifas yo. Liy *AB* reprezante yon fwon fèmen ki se sant yon sitèm bas-presyon. Senbòl Cp ak mT reprezante diferan mas lè.

67 Ekri senbòl ki apwopriye pou fwon ki mache ak liy *AB*, *BC* ak *BD* sou kat metewolojik ki nan livrè repons lan. Mete senbòl fwon yo sou bò ou dwe mete l parapò ak liy lan pou ou montre direksyon mouvman fwon an. [3]

68 Bay non rejyon jewografik kote mas lè mT a te fòme. [1]

69 Anwetan bas-presyon, bay *de* kondisyon metewolojik ki mache ak yon sistèm bas-presyon. [2]

Sèvi ak atik jounal yo bay anba a pou ou reponn kesyon 70 jiska 72. Se adaptasyon yon atik yo pran nan *Los Angeles Time*.

Esplozyon vòlkanik bay Latè fòm li genyen an

*Dapre rechèch yo fè, yon eripsyon vòlkanik fann yon ansyen kontinan.
Se konsa oseyan Atlantik fòme*

Pi gwo eripsyon vòlkanik nan istwa Latè – li te tèlman pisan li te fann yon ansyen sipèkontinan epi li kreye Oseyan Atlantik – vomi plizyè milyon mil kare lav cho ki touye anpil nan bèt ak plant ki tap viv sou Latè nan tan sa a.

Syantis sèvi ak plizyè santèn aflèman bazalt ki lonje kòt atlantik la pou yo rasanble prèv pou yo montre gen yon kokennchenn eripsyon ki te fèt sa gen 200 milyon ane. Dapre syantis yo, eripsyon an lakòz yon seri gwo mas tè ale aladeriv. Li kreye yon fose antre yo. Fose a kontinye louvri pou li bay espas kote Oseyan Atlantik chita nan jounen jodi a. Se sa ki fè kat lemonn gen fòm li genyen nan jounen jodi a.

“Se youn nan pi gwo evenman ki te rive nan istwa Latè. Se yon kokennchenn evenman, yon evenman inye e tout bagay sa yo sanble yo rive nan yon tan byen kout.”

Pou yo te kapab konprann ansyen katastwòf sa a, yon gwoup syantis te analize dik ki fèt an bazalt, jizman ak lav nan Palissades, New Jersey, nan Amazòn o Brezil, an Espay ak nan Lafrik de Lwès.

Lè yo etidye konpozisyon chimik wòch balzatik yo e lè yo fè date rès radyo-izotòp ki nan wòch yo, syantis yo reyalize tout wòch yo soti nan menm eripsyon an. Osito yo reyalize te gen koneksyon ant aflèman yo, yo te kapab dedui tout wòch yo te soti menm kote nan tan lontan, nan mitan yon kokennchenn kontinan ki rele Panje. Nan epòk sa a, kontinan sa a te fè yon sèl mas tè ki te soti nan yon pol pou li rive nan yon lòt pol.

70 Bay non peryòd jeolojik lè gwo kokennchenn eripsyon vòlkanik sa a te kreye oseyan Atlantik. [1]

71 Dapre syantis yo, wòch ki soti nan eripsyon vòlkanik ki te kreye yon fose ant kontinan yo se bazalt. Bay *de* karakteristik moun kapab wè ki pèmèt yo idantifye wòch bazaltik. [2]

72 Aflèman bazaltik se pa sèl evidans ki montre ansyen kontinan sa a te fann. Bay yon lòt evidans ki kore lide kontinan nou genyen nan jounen jodi yo te fè pati yon ansyen kontinan ki rele Panje ki te fann an plizyè moso. [1]

**ANVIWONMAN FIZIK
 SYANS LATÈ**

Madi, 18 jen, 2002 — 9:15 a.m. pou 12:15 p.m., sèlman

LIV REPONS Gason

Elèv Sèks: Fi

Pwofesè


Lekòl Ane

Reponn tout kesyon nan pati B-2 ak pati C . Ekri repons ou yo nan livrè sa a.

Performance Test Score (Maximum Score: 23)		<input type="text"/>
.....		
Part	Maximum Score	Student's Score
A	35	
B-1	15	
B-2	15	
C	20	
Total Written Test Score (Maximum Raw Score: 85)		<input type="text"/>
Final Score (from chart in Rating Guide)		<input type="text"/>
Rater's Initials		
Rater 1..... Rater 2		

Pati B-2

Pou korektè yo sèlman

51 

52 _____ ane

53 _____

54 (1) _____

(2) _____


51

52

53

54

55



Pou
korektè yo
sèlman

55

56

_____ gram

56

57

a	
b	
c	

57b

c

Pou korektè yo sèlman

58 _____

59 _____

60 _____

58

59

60

Total Score for Part B - 2

Pati C

61 _____

62 _____

63 a

Nivo lanmè

30 mi

60 mi

90 mi

A

x

Oseyan

Rid Juan de Fuca

Plak Juan de Fuca

Fose

Lakòt Salem

Mt. Hood

B

Astenosfè

Plak Amerik di Nò

b _____ fwontyè plak

c _____ plak

d _____

64 (1) _____

(2) _____

61

62

63a

b

c

d

64

Pou
korektè yo
sèlman

65

65

66

66

67



67

68

68

69 (1)

(2)

69

70

Peryòd

70

71 (1)

(2)

71

72

72